

ABSTRAK SUNDA

Tika Nurfarida. 2017. Kelimpahan dan Keanekaragaman Lalat Buah *Bactrocera sp* (Diptera : Tephritidae) di Pantai Sindangkerta Kecamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Diaping ku Dr. Riandi, M.Si. salaku Pangaping I sareng Drs. Suhara, M.Pd. salaku Pangaping II.

*Panalungtikan ieu miboga tujuan kanggo ngukur kaanekaragaman sarta kalimpahan laleur buah *Bactrocera sp* (Diptera : Tephritidae) di Basisir Sindangkerta Kacamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya. Dilaksanakeun dina kaping 16 - 19 Mei 2017, metoda anu digunakeun dina panalungtikan ieu nyaeta metoda deskriptif. Panalungtikan ieu ngagunakeun jebak atraktan methyl eugenol anu diwangun ku genep stasiun, jarak antar stasiun nyaeta 10 meter kalawan sewang-sewang stasiun diwangun ku tilu kuadrat anu jarakna 25 meter antar kuadrat. Data panunjang anu diukur nyaeta aya faktor lingkungan di antarana suhu udara, kelembapan udara, intensitas cahaya jeung kecepatan angin. Pangaruh faktor lingkungan kana kalimpahan sarta kaanekaragaman *Bactrocera sp* di Basisir Sindangkerta dipikanyaho ngaliwatan analisis regresi linear berganda dina aplikasi SPSS. Dumasar tina hasil panalungtikan aya opat spesies *Bactrocera sp* anu kapanggih nyaeta ngawengku : *Bactrocera papayae*, *Bactrocera carambolae*, *Bactrocera neocognata*, sarta *Bactrocera umbrosa*. Nilai kalimpahan spesies pangluhurna ngabogaan nilai 4 ind/m² nyaeta *Bactrocera papayae* jeung *Bactrocera carambolae* sedengkeun spesies anu ngabogaan nilai kalimpahan anu paling rendah nyaeta *Bactrocera neocognata* sagede 1 ind/m² . Analisis indeks kaanekaragaman *Bactrocera sp* tina sadaya stasiun sagede 0,82 anu nembongkeun yen kaanekaragaman *Bactrocera sp* di Basisir Sindangkerta Kacamatan Cipatujah Kabupaten Tasikmalaya sacara umum kagolong dina kategori rendah/saeutik.*

Sanggem Konci : Kalimpahan, Keanekaragaman, *Bactrocera sp*.